

ENSTRIKSYON POU MANADJÈ SWEN SANTE AN

Yo dwe pale ak moun ki kalifye yo sou chwa yo genyen pou pran swen epi yo dwe bay yo opsyon pou chwazi sèvis lakay oswa nan kominote an. Pandan yon reyinyon fas a fas, manadjè swen an ap bay enfòmasyon yo epi li ap pale sou Libète pou Chwazi. Timoun yo oswa paran/gadyen legal/reprezantan legal otorize yo dwe siyen fòm Libète pou Chwazi (Freedom Of Choice) an epi fè konnen desizyon yo si yo ap patisipe nan HCBS 1915 (c) Children's Waiver an. Fòmilè sa a dwe genyen temwen ki siyen li epi li dwe genyen yon dat; Yo dwe mete li disponib antanke dosye paran/gadyen legal/reprezantan legal otorize manm lan epi antanke yon kopi pou manm lan/paran an/gadyen legal lan/reprezantan legal otorize sou demann.

Enfòmasyon sou Timoun/Jèn lan

Non Timoun/Jèn lan

Dat nesans

Mwen te resevwa epi mwen konprann sa ki di pi ba yo:

- Enfòmasyon sou altènativ dapre Children's Waiver, ansanm ak chwa yo bay pou enskri nan yon Sèvis Lakay oswa nan Kominote an (HCBS) anba kontwòl 1915(c) Children's Waiver (42 CFR §441.302(d)).
- Enfòmasyon sou opsyon sèvis ki disponib tankou kisa pwogram lan ye epi kijan pou jwenn aksè nan sèvis yo ak asistans yo pou konekte ak resous ak founisè kominote an.
- Yon lis Sant Sante yo (Health Homes, HH), Ajans Jesyon Swen Sante yo (Care Management Agencies, CMAs), ak Founisè Sèvis yo nan zòn mwen an, tankou founisè Sèvis Lakay ak nan Kominote an (HCBS).

Mwen Konprann sa ki di pi ba an:

- Mwen ap fè yon demann patisipasyon nan HCBS 1915 (c) Children's Waiver an, si obligasyon kalifikasyon yo pa aplike epi genyen yon espas ki disponib.
- Patipasyon an ap baze sou chwa mwen pou asistans HCBS pou sipòte kapasite pou rete nan kominote epi nan kay.
- Yo te banm dwa pou chwazi ajans ki pral kowòdone swen pou HCBS mwen an, jesyon swen HH mwen an, CMA mwen yo, oswa pou Sèvis Evalyasyon Timoun yo ak Jèn yo (Children and Youth Evaluation Services, C-YES)
- Yo te banm dwa pou mwen chwazi sèvis lan(yo) ak founisè sèvis lan(yo) ki disponib nan zòn mwen an.

Moun ki ap aplike nan Children's Waiver lan pou premye fwa, tanpri chwazi youn nan sa ki di pi ba yo:

- Mwen chwazi pou enskri nan pwogram jesyon swen HH lan epi yo te ban mwen chwa Sant Sante (HH) ki disponib ak/oswa Ajans Jesyon Swen Sante yo (CMA) pou mwen travay ak yo.
OSWA
- Mwen pa vle enskri nan pwogram jesyon swen HH la. Mwen chwazi resevwa sèvis ak asistans HCBS 1915(c) Children's Waiver yo atravè pwogram C-YES lan. (Ranpli fòmilè renonsasyon DOH-5059 HH la).
OSWA
- Yo aplike obligasyon kalifikasyon yo; sepandan, mwen chwazi pou mwen pa patisipe nan HCBS 1915(c) Children's Waiver.

Pou seyans redetèminasyon anyèl Children's Waiver an, chwazi nan sa ki ekri pi ba yo:

- MWEN PA vle kontinye ak kalifikasyon mwen pou sèvis pwogram HCBS 1915(c) Children's Waiver lan yo ANKÒ. Mwen konprann mwen kapab fè yon demann desizyon kalifikasyon pi devan nan yon lòt dat.
OSWA
- Mwen vle kontinye ak kalifikasyon mwen pou sèvis pwogram HCBS 1915(c) Children's Waiver lan yo ansanm ak ajans kowòdinasyon swen mwen genyen kounyea.
EPI
- Mwen konfime mwen te resevwa rezilta evalyasyon Redetèminasyon Kalifikasyon anyèl mwen nan HCBS.

Lè mwen siyen fòm Libète pou Chwazi (Freedom of Choice) sa a, mwen konfime manadjè swen sante mwen an te eksplike mwen chak sa ki genyen anndan li, tankou kijan pou depoze yon plent ak/oswa rapòte yon sitiyasyon ki grav, ansanm ak Dwa Patipasyon Children's Waiver yo genyen epi yo te banm yon Bwochi Responsabilite.

Moun ki ap aplike (pou moun ki genyen 18 lane oswa plis yo oswa sa ki genyen plis pase 18 lane epi ki genyen timoun, ansent, epi/oswa marye, ansanm ak sa ki kapab pran responsabilite asepte yo)

Lèt majiskil

Siyati

Dat

Paran/Gadyen Legal/Reprezantan Legal Otorize (Pou moun ki genyen mwens pase 18 lane yo ki pa kapab chwazi pou tèt yo)

Lèt majiskil

Siyati

Dat

Manadjè Swen HH / Temwen

Lèt majiskil

Siyati

Dat